

Materi Cerkak, Bahasa Jawa Kelas X, Semester Gasal

Pangerten Cerkak

- Cerita cekak (cerkak) yaiku sawijining karangan kang nyeritakake bab-bab kang ana gegayutane karo lelakone manungsa.
- Cita ing cerkak dumadi andhedhasar saka urutan sawijining kedadean utawa prastawa.
- Prastawa ing cerkak dilakoni dening paraga, lan paraga kasebut nglakoni rerangkening konflik saengga kedadean, paraga, lan konflik iku kalebu unsur pokok jroning cerkak.

Titikane Cerkak / Ciri Cerkak

- Critane ringkes.
- Ana gegayutane karo lelakone manungsa.
- Alur cita dumadi saka wiwitan, dredah (bertengkar; berkelahi; berselisih), lan ngrampungake perkara.
- Cacahe tembung kurang saka sewu tembung.

Unsur-Unsur Cerkak

Tema, yaiku inti utawa ide dhasare cita.

Latar, yaiku papan panggonan, hubungan wektu lan lingkungan sosial saka kedadeyan kang dicritakake ana ing cita.

Latar ing cerkak iku ana 3 jenise:

1. Latar panggonan, yaiku latar kang dadi papan panggonan nalika kedadeyan ana ing cita iku dicritakake.
2. Latar wektu, yaiku wektu nalika kadadeyan ana ing cita iku dicritakake.
3. Latar kahanan (suasana), yaiku kahanan lingkungan social nalika kedadeyan ana ing cita iku dicritakake.

Sudut pandang (point of view) yaiku posisine pengarang nalika nyritakake cita.

Posisi pengarang ana 2:

- Dadi wong kapisan (orang pertama). Pengarang dadi tokoh lan lakon ana ing cita. Cirine ana tembung “AKU”.

Tuladha: Aku isih durung percaya menawa dina iki aku bisa lungguh ana ing kursi stadion Olimpico roma.....

- Dadi wong katelu (orang ketiga) pengarang dadi pengamat ana ing cita.

Cirine :

Nganggo jenenge wong, dheweke, panjenengane.

Alur/plot yaiku lakuning carita utawi urutanipun carita.

Alur wonten 3 warna yaiku

1. Alur maju (progresif)
2. Alur mundur (regresif/flashback)
3. Alur campuran

Paraga (tokoh) yaiku tiyang ingkang maragani carita.

Paraga wonten 3 warna yaiku

1. Paraga utama (protagonis)
2. Paraga mungsuh (antagonis)
3. Paraga tambahan (tritagonis).

Penokohan, yaiku carane pengarang nggambarake lan njlentrehake karakter tokoh ana ing cita.

Ana 2 teknik kanggo nggambarake karakter salah sawijining tokoh.

1. Teknik Analitik, yaiku karakter/watak tokoh kang dijlentrehake kanthi langsung dening pengarang.
2. Teknik Dramatik, yaiku karakter/watak tokoh kang dijlentrehake kanthi penggambaran.

Amanat/pesen yaiku pesen utawa piweling ingkang badhe dipunaturaken dening pangripta marang pamaos, utawi pesen ingkang sinandhi ing crita kasebut.

Gaya basa, basa sing digunakake pangripta ing sajroning carita. Utawa cara khas kang dienggo pangripta kanggo medharake pikiran lan rasa atine.

Gaya basa ing jagad kasusastran Jawa bisa awujud basa rinengga, pepindhan, bebasan lan majas.

Sinopsis

Sinopsis yaiku ringkesan sawijining crita.

Ringkesan yaiku salah sawijining wujud nyekakake cerita kanthi tetep migatekake unsur- unsur intrinsike crita iku. Lumrahe sinopsis kurang saka 300 kata.

Carane gawe sinopsis :

1. Maca naskah asline, kanggo nggolek gagasan utamane
2. Nyatet gagasan utama kang penting
3. Ngrantam (nyusun) maneh gagasan utama dadi paragraf
4. Dialog lan monolog cukup ditulis isi utawa garis utamane
5. Sinopsis ora kena owah saka lakune crita asli.

Cerkak iku cekakan saka crita cekak. Diarani crita cekak amarga critane pancen cekak. Ora mung wujud kang cekak (2-5 kaca), nanging crita utawa lakon kang diandharake ya cekak. Umume wektu kang dibutuhake kanggo maca cekak iku mung sedhela wae.

Crita cekak umume dumadi saka sa alur wae. Tegese, prekara utawa konflik kang diadhepi dening paraga-paragane mung siji. Sanajan mengkono, masalah iku mau saya suwe saya ruwet, wusanane nganti dadi mbundhet (klimaks).

CERKAK

A. Maca lan nanggepi isi teks cerkak Cerita cekak iku karangan utawa ripatan kang sumbere bisa saka kanyatan trus dibumboni, bisa uga murni saka kayalan utawa rekane pangripta/pengarang wae. Perangan-perangan kang mbangun wutuhe crita iku diarani unsur intrinsik, kang nyakup underane yaiku :

- prekara (*tema*)
- paraga (tokoh) lan watake paraga (*penokohan*)
- lakune crita (*alur/plot*)
- anggane pangripta nyritakake (*point of view*)
- kapan lan papan kedadeyane (*setting*)
- wulangan utawa tuntunan (*amanat*)

B. Nemokake tuntunan kang dikandhut ing teks cerkak Amanat iku wujud gagasan utawa gagasane pangripta/pengarang kang diajap bisa ditemokake dening para kang maca. Amanat-amanat iku biasane gegayutan karo niat utawa pitutur kang becik, upamane bab katresnan kalebu :

1. Tresna marang sasamane
2. Tresna bangsa
3. Tresna budaya, lsp

Saliyane iku amanat uga ana kang gegayutan karo pangibadah utawa ketuhanan (*religius*), setya marang negara (*patriotisme*), pendhidhikan, kabudayan, lan sapanunggalane.

C. Nulis sinopsis teks cerkak Sinopsis iku ringkesan isine crita, kalebu cerita cekak. Urutan lan biasane sinopsis ora kudu padha karo basa ing crita. Sing baku,

nalika nulis sinopsis yaiku :

- paraga
- watak
- wose (intine)

Nadyan mengkono, urutan anggone nulis sinopsis ora kudu padha karo urutan ing crita kui. Gampang rembug, sinopsis iku padha karo nyritakake maneh nganggo basamu dhewe.

D. Naliti sinopsis cekak Naliti sinopsis ing kene mengku arep, kanca padha kanca (*sameja umpamane*) padha bebarengan bijen-bijenan (*saling menilai*) sinopsis garapane. Kegiatan kaya mengkene iki umume diarani njlimeti utawa menyunting. Sing di sunting yaiku :

- ~ aksarane
- ~ rutute ukara
- ~ tandha wacane